



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRAM VAKSINASYON ETA A

*Sit Distribisyon Swen Sante New York yo te administre 92% nan premye dòz yo  
te resevwa nan men Gouvènman Federal la*

**[Tablodò Vaksen an](#) pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogram  
vaksinasyon eta a; ale sou [ny.gov/vaccinetracker](https://ny.gov/vaccinetracker)**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogram vaksinasyon eta a. Jiska jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te resevwa 1,178,850 premye dòz epi yo te bay 92 pousan oswa 1,084,814 premye dòz vaksen. Nan semèn 6 la, alokasyon 250,400 premye dòz yo kontinye rive bay founisè vaksen yo atravè Eta New York, k ap asire apwovizyonman sou plas vaksen yo apre apwovizyonman semèn 1 rive 5 vaksen an te fini nan vandredi.

"Vaksen an se zam k ap genyen gè sa, men pou li efikas reyèlman, gen kèk bagay ki dwe fèt - nou bezwen yon apwovizyonman ki sifizan, li dwe distribiye nan fason ki ekitab epi san pati pri, e moun yo dwe pran li vrèman", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York te deja etabli youn nan rezo founisè vaksen ki pi chè, si se pa li ki pi chè, nan peyi a, ki se yon bon nouvèl. Sa ki ban nou defi se move jesyon konplè administrasyon federal anvan an de pwosesis vaksen an. Yo pa sèlman ouvri vòn kalifikasyon an san yo pa ogmante apwovizyonman an pou reponn ak wos demann lan, men yo te kreye dout sou vaksen an nan li menm, espesyalman kay moun Nwa, Latino ak kominote ki pòv yo ki te frape pi di pa viris la. Mwen pa t ap mande Nouyòkè yo fè anyen ke mwen pa t ap fè pèsonèlman e mwen vle asire chak moun ke vaksen an pa sèlman san danje, men New York prèt pou l ogmante distribisyon an byen wo depi nou resevwa plis apwovizyonman. Se yon nouvo jou nan Washington epi ak lidèchip ki konpetan kounye a nan bar la, mwen kwè y ap abòde pwoblèm sa yo -- nou sèlman vle pou sa fèt kounye a."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib New York yo lajman depase kantite apwovizyonman vaksen gouvènman federal la ap bay la. Byenke gouvènman federal la te agrandi chan elijiblite pou vaksen an pou gen ladan 7 milyon Nouyòkè, apwovizyonman vaksen gouvènman federal la bay la te redui aktyèlman. Piske apwovizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Chif pwogram vaksinasyon yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, e yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done yo sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a. Alokasyon 250,400 dòz pou Semèn 6 la nan New York te kòmanse rive nan mitan semèn nan, nan sit atravè eta a, epi total alokasyon ki anba yo genyen ladan yo 50 pousan alokasyon semèn 6 la k ap fin distribye nan sit founisè New York yo dimanch.

### **REPATISYON NAN TOUT ETA A**

- Premye Dòz yo Resevwa - 1,178,850
- Premye Dòz yo Bay - 1,084,814
- Dezyèm Dòz yo Resevwa - 350,550
- Dezyèm Dòz yo Bay - 135,334

<b>Rejyon</b>	<b>Kantite Dòz yo Resevwa Ototal</b>	<b>Kantite Dòz yo Bay Ototal</b>	<b>% Kantite Dòz yo Bay/Resevwa</b>
<b>Capital Region</b>	100,470	78,249	78%
<b>Central New York</b>	75,120	70,608	94%
<b>Finger Lakes</b>	97,700	79,939	82%
<b>Long Island</b>	187,135	153,862	82%
<b>Mid-Hudson</b>	145,700	105,530	72%
<b>Mohawk Valley</b>	41,460	26,106	63%
<b>New York City</b>	694,400	546,432	79%
<b>North Country</b>	38,435	28,425	74%
<b>Southern Tier</b>	40,850	36,859	90%
<b>Western New York</b>	108,130	94,138	87%
<b>Nan tout Eta a</b>	1,529,400	1,220,148	80%

	<b>Semèn 1</b>	<b>Semèn 2</b>	<b>Semèn 3</b>	<b>Semèn 4</b>	<b>Semèn 5</b>	<b>Semèn 6</b>
	<b>Dòz k ap vini nan dat</b>	<b>Dòz k ap vini nan dat</b>	<b>Dòz k ap vini nan dat</b>	<b>Dòz k ap vini nan dat</b>	<b>Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17</b>	<b>Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24*</b>

	12/14 - 12/20	12/21 - 12/27	12/28 - 01/03	01/04 - 01/10		
<b>1ye dòz livrezon konplè yo bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo</b>	90,675	392,025	201,500	160,050	209,400	125,200
<b>2yèm dòz livrezon konplè yo bay New York pou Sit Distribisyon Swen Sante yo</b>	0	0	0	90,675	45,825	214,050
<b>TOTAL</b>	90,675	392,025	201,500	250,725	255,225	339,250
<b>KIMILATIF</b>		482,700	684,200	934,925	1,190,150	1,529,400

*\*Chif sa yo reprezante 50 pousan alokasyon semèn 6 la. Yo prevwa pou alokasyon konplè semèn 6 la rive nan fen jounen dimanch 24 janvyè a.*

Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 92 pousan premye dòz ke yo te resevwa nan men gouvènman federal la men akòz repatisyon limite gouvènman federal la, randevou yo te ranpli byen vit. Pou w detèmine si w elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere, ou ka vizite sitwèb '[Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon eta a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)